



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL INOGIRE KONPLÈKS RECHÈCH AK ANTREPRENARYA ETEC KI KOUTE 180 MILYON DOLA

*Etablisman modèn nan kanpis Biwo Eta Harriman lan gen ladan laboratwa, salklas ak yon enkibatè biznis ki akò ak fòs rechèch siyati UAlbany nan syans klimatik, preparasyon pou katastwòf ak sibèsekirite*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Jodi Gouvènè Kathy Hochul ansanm ak State University of New York (State University of New York, SUNY) nan Albany, te inogire nouvo [konplèks rechèch ak devlopman ETEC](#) modèn li a ki fèt pou rasanble syantis ak antreprenè yo ki soti nan tout disiplin yo pou jwenn solisyonan kolaborasyon ak defi ki pi konplèks yo nan sosyete a.

"Efikasite enèjetik rankontre inovasyon gwo teknoloji ak ouvèti ETEC la - epi yo pral kontinye mete Eta New York sou kat la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Klima ak edikasyon se de gwo priyorite pou administrasyon mwen an e mwen fyè de mezi SUNY ap pran pou minimize anprent yo sou anviwònman an epi kreye yon avni ki pi pwòp, ki pi vèt pandan n ap asire yon edikasyon pou tout yon vi."

Enstalasyon 180 milyon dola a se episan anpil fòs rechèch siyati Inivèsite a, tankou syans klimatik, preparasyon pou ijans ak sibèsekirite. Kòm yon sant pou rechèch, bousdetid, aprantisaj aplike ak devlopman komèsyal, ETEC fèt pou ankouraje kolaborasyon entèdisiplinè pami etidyan yo, pwofesè ak antreprenè yo pou tradwi nouvo konesans an solisyon inovatè pou konstwi yon New York ki pi rezistan epi ki ekonomikman dinamik.

A 246,000 pye kare, ETEC se youn nan pi gwo batiman ki pi efikas an enèji nan UAlbany epi li reprezante yon etap enpòtan nan angajman SUNY pou dirabilite/ Chofe ak refwadi pa 190 pi jewotèmik epi alimante an pati pa prèske 4,800 panno solè sou Kanpis Uptown UAlbany an, ETEC se yon etablisman ki konplètman elektrik ki te bati pou reyalize sètifika LEED Platinum epi li prevwa diminye depans enèji anyèl yo jiska 70 pousan konpare ak yon batiman debaz ki menm jan an.

Foto wot rezolisyon ETEC yo disponib nan [galeri foto UAlbany](#) sa a.

Inogirasyon mèkredi a se te pwen akimilasyon yon vizyon ki te kòmanse an 2012 kòm pwojè de mak UAlbany dapre [pwogram sibvansyon defi NYSUNY 2020 an](#). Soutnipa 35 milyon dola finansman NYSUNY 2020 an, vizyon ETEC a te vin pi gwo ak plis anbisye lè UAlbany te fè patenarya ak Eta New York pou lokalize bilding lan sou Kanpis Biwo Eta Harriman ki avwazinant lan — yon premye pou UAlbany. Yo te rele li orijinalman Konplèks Antreprenarya ak Teknoloji Emèjan (Emerging Technology and Entrepreneurship Complex, ETEC), kounye a yo konnen etablisman an tou senpleman kòm ETEC.

## **Yon Nouvo Epòk Rechèch nan UAlbany**

**Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare,** "Ouvèti konplèks rechèch ak antreprenarya ETEC la montre kijan investisman eta a nan edikasyon siperyè piblik ka bay rezilta reyèl ak imans ki founi etidyan nou yo pi bon kalite edikasyon dènye kri ki disponib. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, lidè lejislatif eta yo, ak lidè lokal yo ki te kwè nan SUNY ak nan vizyon etablisman sa a pou rasanble yon pakèt etidyan, edikatè, lidè endistri yo ak antreprenè pou rezoud anpil nan pi gwo defi anviwonmantal nan mond lan anba yon sèl twati ki se SUNY. Mwen kontan anpil pou etidyan nou yo ak pwofesè nou yo, ak jenerasyon k ap vini yo, ki pral aprann nan bèl batiman sa a epi ki pral mennen edikasyon yo ak rechèch yo nan yon lòt nivo."

**Prezidan University at Albany an Havidán Rodríguez te deklare,** "Ouvèti ETEC a se vrèman yon etap enpòtan nan istwa UAlbany. Etablisman ki chanje jwèt sa a non sèlman enkòpore resous akademik ak rechèch Inivèsite a nan nivo nasyonal—li reprezante tou angajman nou pou adrese pi gwo defi limanite ak planèt la ap fè fas. Avèk ETEC, nou inogire yon nouvo epòk kolaborasyon ki gen gwo enpak ki pral reyini ansanm etidyan, chèchè, ak patnè sektè piblik ak prive yo pou kreye yon pi bon avni pou kominote nou yo ak pou mond lan."

ETEC se kay [Kolèj Preparasyon pou Ijans, Sekirite Nasyonal ak Sibèsekirite](#) nan Ualbany ki se premye nan nasyon an; [Kolèj Syans Ejenyeri ak Syans Aplike](#) ki gen [depatman Enjenyeri Anviwonmantal ak Dirab](#) ak [Enjenyeri Elektrik ak Enfòmatis](#); Gwo antrepriz Metewo-Klima UAlbany an, ki gen ladan [Sant Rechèch Syans Atmosferik](#) ki renome mondyal ak [Sant Ekselans nan Analiz Tan & Klima](#); ak Kolèj Atistik ak Syans ki gen [Depatman Syans Atmosferik ak Syans Anviwonmantal yo](#) ansanm ak [aboratwa rechèch Depatman Chimi](#) yo.

Batiman an se tou se kay [New York State Mesonet](#) ke UAlbany opere, ki se sistèm deteksyon metewo prematire nan tout eta a ki pi avanse nan nasyon an, ak patnè kle tankou Biwo Previzyon Rejyonal Sèvis Metewo Nasyonal la.

**Direktè Sèvis Metewo Nasyonal la, Louis W. Uccellini, te deklare,** "Sèvis Metewo Nasyonal la fyè de patenarya nou an ki dire plizyè deseni ak University of Albany. Nou ap tann ak enpasyans pou nou amelyore kolaborasyon ak opòtinite apwofondi pou travay an ekip entè-disiplinè ke nouvo etablisman sa a pèmèt, ki pral amelyore previzyon lokal yo ak avètisman pou evènman move tan ak dlo yo ak pwovizyon Sèvis

Sipò pou Desizyon ki baze sou Enpak pou preparasyon kominotè, repons ak rezistans."

### **Favorize kwasans Ekonomik lè yo fè Ekip ak Chèchè yo ak Antreprenè yo**

Sèvis devlopman biznis ki sipòte rechèch fakilte yo ak estimile kwasans ekonomik yo nan sant vizyon ETEC la. Enkibatè Sant Inovasyon UAlbany an okipe yon pati nan premye etaj la, ansanm ak Sant Devlopman pou Ti Biznis (Small Business Development Center), biwo komèsyalizasyon ak transfè teknoloji ansanm ak patnè prive tankou TruWeather Solutions. De Antreprenè nan Rezidans pral ede gide pwofesè yo, chèchè yo ak antreprenè endepandan yo atravè premye etap enpòtan yo pou mete dekouvèt yo sou mache.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Rejyon Kapital la ak Sant pou Kwasans Ekonomik Mark Eagan, te deklare,** "Enstalasyon tankou ETEC kondwi rechèch ak devlopman dènye kri, sipòte antreprenè nou yo, epi gide antrepriz demaraj nan teknoloji yo atravè komèsyalizasyon rive nan kwasans ekonomik. Rejyon Kapital la reyisi nan pwofite pouvwa rechèch inivèsite nou yo pou kreye gwoup teknoloji ak enpak ekonomik solid, e mwen wè sa k ap pase ak University at Albany an nan domèn sibèsekirite, syans atmosferik ak enjenyèri anviwònman ak dirab."

ETEC pwofite yon avantaj tou ke okenn lòt inivèsite rechèch piblik pa pwofite: Pwoksimite UAlbany ak sant nè gouvènman Eta New York la. Gras ak pozisyon li nan Harriman State Office Campus, ETEC mete etidyan yo, pwofesè yo ak anplwaye yo nan papòt ajans piblik premye liy yo nan devlope ak aplike politik ki enpòtan pou domèn rechèch yo. Pwoksimite sa a bay tou aprantisaj aplike san parèy pou etidyan UAlbany yo.

Espas ki prezante andedan ETEC yo enkli yon teyat desizyon pou pèmèt pwofesè yo ak elèv yo repwodui senaryo repons ijans nan mond reyèl la, yon laboratwa pou konstriksyon robo ak dròn, yon sant enfòmasyon [xCITE Lab](#) ki gen gwo puisans pou vizyalizasyon ak analiz done konplèks, yon glòb dyamèt li prèske sis pye pou swiv siklòn ak lòt sistèm metewolojik atravè mond lan, yon chanm obsèvasyon nan senkyèm etaj ki fèm an vè pou kontwòl tanpèt k ap vini yo, ak yon platfòm ekipman sou twati a pou lanse balon metewo ak lòt eksperyans yo. Batiman an genyen tou yon seksyon twati vèt pou ansèyman, rechèch ak kontwòl dlo lapli.

Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 750,000 dola pou sipòte ETEC.

### **Konekte kanpis UAlbany ak Harriman nan yon fason Sinifikatif**

Yon nouvo chemen pou itilize pataj konekte ETEC ak Harriman Campus ak rès Kanpis Uptown UAlbany an pou ankouraje etidyan yo, pwofesè yo ak anplwaye yo mache oswa monte bisiklèt antre yo, sa ki ap redui konjesyon ak emisyon ki asosye ak vwayaj nan machin pou yon sèl moun. Lè li travay ak Biwo Sèvis Jeneral Eta New York (Office

of General Services, OGS) ak Otorite Transpò Distri Kapital (Capital District Transportation Authority) la, UAlbany te konstwi yon nouvo wout koneksyon ant de kanpis yo pou prepare wout pou nouvo sèvis Transpò Rapid Otobis Purple Line CDTA a, ki pral redwi tan vwayaj ant kanpis Downtown ak Uptown UAlbany yo. Nouvo wout koneksyon an pa ouvri pou machin prive yo.

EETC te fèt pa CannonDesign Architecture and Engineering epi li te konstwi pa Consigli Construction Co., Inc., anba jesyon Turner Construction Company ak State University Construction Fund. UAlbany te kòmanse travay sou pwojè a nan mwa avril 2018, epi batiman lan te pratikman fini an jiyè 2021 — alè ak nan bidjè a malgre pandemi COVID-19 la.

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Konplèks EETC University at Albany an ap trase chemen an kòm yon modèl pou dirabilite ak efikasite enèji ak itilizasyon teknoloji jewotèmik li, enèji solè pwòp, renouvlab ak pwogrè li nan edikasyon, rechèch, devlopman ak kolaborasyon ki enpòtan anpil pou ankouraje solisyon pou enkyetid mondyal ki pi ijan nan epòk nou an - ki gen ladan chanjman klimatik. Li enkòpore lespri inovatè ak angajman Eta New York pou sipòte devlopman biznis nan kad ekonomi vèt k ap grandi nou an epi NYSERDA fyè pou li sipòte pwojè sa a."

**Komisè Pwovizwa Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Mwen vle felisite Inivèsite a pou ouvèti EETC la. Kòm kèk ane ki sot pase yo te montre klèman, nou bezwen travay an kolaborasyon ijan ki rasanble gouvènman an, sektè prive a, ak inivèsite yo pou non sèlman sipòte rechèch ak devlopman nan chanjman klimatik, move tan, ak preparasyon pou ijans men pou pote rapidman pi bon nouvo rechèch pou aji nan operasyon an tan reyèl yo. DHSES te fyè pou li sipòte devlopman Sant sa a epi li espere pwofite travay ki pral fèt yo pou pi byen pwoteje tout Nouyòkè yo."

**Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral la, Jeanette Moy, te deklare,** "Konplèks EETC a parèt kòm yon modèl gwo bagay ki ka akonpli lè ajans eta yo pataje resous yo epi travay an kolaborasyon. Nou menm nan OGS fyè de wòl nou nan bati yon Eta New York ki pi dirab ak rezistan epi nou kontan ajoute pwojè sa a sou anpil siksè nou te wè nan tou de kanpis yo."

**Senatè Neil Breslin te deklare,** "Mwen kontan dèske batiman EETC la finalman fini. Lè m te fè yon toune nan batiman nan kòmansman ete sa a, mwen te sezi akoz angajman pou dirabilite anviwònman ak alafwa pwofondè pwogram ki pral loje ladan li yo. Batiman dènye modèl sa a ak pwogram yo ofri isit la pral ankouraje plis lespri ki pi klere menm pou vin Albany pou aprann ak travay. Felisitasyon pou University at Albany ak pou tout moun ki gen enterè yo nan ede pwojè sa a reyisi."

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Li ekstrèmman enteresan pou nou wè pwòp University at Albany nou an k ap elaji ekspètiz dènye kri li yo nan domèn syans klimatik, preparasyon pou ijans ak sibèsekirite ki enpòtan. Pandan kriz klimatik la vin pi

grav, New York dwe tounen baz pou etablisman klas mondyal yo, tankou ETEC, ki mete espri akademik an chèf yo ak lidè biznis yo ansanm pou pwodui konesans ak inovasyon teknolojik ki pral pote solisyon alontèm. ETEC se yon egzanp klere yon etablisman ki etabli pou fè Rejyon Kapital la vin yon lidè mondyal nan analiz anvivòmantal ak preparasyon pou ijans — tou pandan l ap sèvi kòm yon modèl pou konsepsyon batiman ki efikas an enèji ki pral eklere devlopman entelijan atravè eta nou an. Mwen pa ka tann pou m wè travay etonan ki pral soti nan konplèks pyonye sa a epi mwen pral kontinye fè tout sa mwen kapab pou sipòte misyon enpòtan li a."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "SUNY ak UAlbany kontinye trase yon chemen pou Rejyon Kapital la ak New York nan klima 21èm syèk la, move tan, ak nan preparasyon ak repons pou ijans. Nonsèlman nouvo konplèks ETEC la pral loje New York State Mesonet, Sant Rechèch Syans Atmosferik, ak inite Sèvis Metewo Nasyonal rejyonal la, li pral akeyi tou plizyè kolèj, sa ki pèmèt etidyan yo resevwa fòmasyon ak eksperyans rechèch pratik. Sa pral solidifye Rejyon Kapital la ak UAlbany kòm yon lidè emèjan nan rechèch klimatik ak move tan e li ajoute sou yon konplèks nan rechèch ak devlopman ki baze sou akademik k ap grandi nan ak ozalantou Kanpis Uptown UAlbany an. Lavni an briyan nan Rejyon Kapital la ak nan UAlbany gras ak patenarya pisan nou yo ki kontinye ap delivre yon fason masiv, prezizeman tankou sa a."

**Manm Asanble John T. McDonald III,** "Felisitasyon pou UAlbany pou ouvèti konplèks rechèch ak devlopman ETEC yo a. Rejyon Kapital la se kay endistri ki nan tèt teknoloji ak inovasyon, e nouvo sant sa a pral konsantre sou dirabilite, devlope ti biznis yo, ak lòt domèn rechèch ki bati sou fòs ak resous rejyon nou an gen pou ofri. UAlbany ap bati sou patenarya kominotè yo epi kontinye travay ak patnè eta yo pou avanse objektif anbisye sa yo, epi mwen apresye travay yo epi mwen espere wè tout devlopman pozitif ki pral soti nan ETEC."

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy,** "Syans lavi ak devlopman gwo teknoloji se de nan endistri prensipal nan Rejyon Kapital la, epi nouvo etablisman University at Albany an pwofite sou fondasyon sa a, ansanm ak pwòp fòs yo nan syans klimatik ak preparasyon pou ijans, pou atake kèk nan pi gwo defi nou ap fè fas ak yo anta ke yon kominote lokal ak yon kominote mondyal. Chanjman klimatik se pa kèk konsèp ki pa klè ankò e nou bezwen pare pou enpak de ki plizanpli destriktif yo nan evènman move tan ekstrèm yo. Mwen vle remèsye UAlbany ak Prezidan Rodríguez paske yo te yon patnè pou Konte Albany nan batay sa a pandan n ap devlope pwòp Plan Rezilyans Klimatik nou an epi prepare pou lavni."

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare,** "Ouvèti etablisman modèn sa a se yon temwayaj sou angajman UAlbany ak lidèchip SUNY pandan Albany ap kontinye mennen chemen an nan edikasyon, rechèch ak teknoloji. ETEC se yon espas an kolaborasyon ki benefisye etidyan, chèchè, ak patnè sektè piblik ak prive yo nan travay yo nan direksyon yon objektif komen pou amelyore konesans ak inovasyon nan plizyè domèn, ki gen ladan premye nan nasyon an Kolèj Preparasyon pou Ijans, Sekirite Nasyonal ak Sibèsekirite. Mwen kontan wè rezilta ETEC yo epi mwen espere ke pwoksimite li ak gouvènman Eta New York la lakoz devlope ak aplikasyon politik ki pral

ede amelyore lavi nonsèlman pou rezidan Albany yo men vwazen nou yo atravè eta a ak nan nasyon an."

### **Konsènan University at Albany**

Yon inivèsite rechèch piblik konplè, [University at Albany-SUNY](#) an ofri 120 pwogram premye sik pou majè ak minè ak 125 pwogram sètifika pou nivo metriz, doktora, ak ansèyman siperyè. UAlbany se yon lidè pami tout kolèj ak inivèsite Eta New York yo nan divès domèn tankou [syans atmosferik ak anviwònmantal](#), [biznis](#), [edikasyon](#), [sante piblik](#), [fakilte medikal](#), [jistis kriminèl](#), [preparasyon pou ijans](#), [syans enjenyeri ak syans aplike](#), [enfòmatrik](#), [administrasyon piblik](#), [byennèt sosyal](#) ak [sosyoloji](#), ki anseye pa yon gwo lis [ekspè nan kò pwofesoral la](#). Li ofri tou opòtinite akademik ak rechèch elaji pou etidyan yo atravè yon afilyasyon ak Albany Law School. Ak yon kourikoulòm amelyore ak 600 opòtinite etid aletranje, UAlbany lanse gwo karyè.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)